

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab medar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakan modél *Mind Mapping* kagolong kana katégori can mampuh, kalayan hasil rata-rata data *pretest* nyaéta 55,12. Éta hal katitén tina 26 siswa, aya 24 anu kaasup katégori can mampuh.
- 2) Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping* hasilna kagolong kana katégori mampuh kalayan hasil rata-rata data *posttest* nyaéta 78,38, hartina siswa mampuh nulis guguritan. Katitén tina 26 siswa, ngan 5 siswa nu kaasup katégori can mampuh, sedengkeun 21 siswa kaasup katégori mampuh.
- 3) Aya bédá anu signifikan kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*. Éta hal katitén tina ngaronjatna hasil data *pretest* 55,12 kana data *posttest* 78,38 sabada dilarapkeunana modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis guguritan. Hartina, gedéna pangaruh modél *Mind Mapping* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan nyaéta 23,65. Sangkan leuwih jéntré, dipedar ngaronjatna kamampuh nulis guguritan siswa saméméh (*pretest*) jeung sabada (*posttest*) ngagunakeun modél *Mind Mapping* dumasar aspék anu dipeunteunna.
  - a) Aspék inti tulisan ngaronjat 1,46, tina 0,85 jadi 2,31
  - b) Aspék amanat ngaronjat 0,46, tina 1,31 jadi 1,77
  - c) Aspék pilihan kecap ngaronjat 1,08, tina 1,42 jadi 2,5
  - d) Aspék guru lagu ngaronjat 2,54, tina 1,81 jadi 4,35

- e) Aspék guru wilangan ngaronjat 2,27 tina 2,08 jadi 4,35
- f) Aspék eusi carita ngaronjat 0,42 tina 1,73 jadi 2,15

Ku kituna, hasil uji hipotésis nuduhkeun yén  $t_{itung} > t_{tabé}$ l atawa  $9,65 > 2,48$ , hartina hipotésis ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis ( $H_0$ ) ditolak. Jadi, tina hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun yén aya bédha anu signifikan kammapuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

## 5.2 Implikasi

Dilarapkeunna modél *Mind Mapping* dina nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 ngahasilkeun sawatara implikasi ieu di handap.

- 1) Larapna modél pangajaran *Mind Mapping* téh meunang sawangan anu positif boh ti siswa, boh ti guruna. Éta hal alatan dina prak-prakanana siswa kalayan fokus bisa nganalisis konsép nulis guguritan padalisan per padalisan sarta tina éta hal siswa bisa ngamekarkeun tina hiji kecap jadi kalimah anu merenah saluyu jeung patokan pupuhna.
- 2) Disadiakeun rupa-rupa téma/jejer dina ieu modél, sangkan jadi salahiji tarékah pikeun siswa bisa mekarkeun sarta numuwuhkeun imajinasi dumasar téma kana karangan guguritan.
- 3) Siswa leuwih maham kumaha cara nulis guguritan nu hadé kalayan ngagunakeun unsur-unsur nu lengkep.

## 5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis guguritan ngagunakeun modél mind mapping, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa langkung hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, utamana dina pangajaran basa jeung sastra Sunda, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Tina hasil panalungtikan modél *Mind Mapping* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan. Ku kituna, ieu modél pangajaran bisa dijadikeun salahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis guguritan.
- 2) Pikeun leuwih ngabuktikeun kaéfektifan modél *Mind Mapping* dipiharep aya panalungtikan dina matéri pangajaran lianna.
- 3) Dina prosés larapna ieu modél, kahareupna téma/jejer nu disadiakeun kudu leuwih dijembaran sangkan bisa ngahudang imajinasi sarta ide siswa dina kagiatan nulis karangan.